

**NGALARAPKEUN MODEL DISCOVERY LEARNING PIKEUN
NINGKATKEUN RASA KAPERCANTENAN DIRI JEUNG HASIL DIAJAR
PESERTA DIDIK DINA SUBTEMA MANUSIA DAN LINGKUNGAN**

*(Panalungtikan Tindakan Kelas di Kelas V SD Negeri Cicalengka 07 Kecamatan
Cicalengka Kabupaten Bandung)*

**Kenging:
Tria Trinika Dewi
145060127**

ABSTRAK

Kasang tukang panalungtikan ieu nyaeta kurangna rasa kapercantenan diri jeung hasil diajar peserta didik kelas V SD Negeri Cicalengka 07. Ieu kusabab pendidik teu ngalibetkeun peserta didik dina kagiatan pangajaran nu ahirna teu dipuseurkeun ka peserta didik. Pangajaran masih nerapkeun modél konvensional, sabab peserta didik teu dibéré kasempetan pikeun ngarahkeun sorangan cara diajarna. Kitu ogé rasa kapercayaan diri masih kurang, sabab pendidik teu mantuan ningkatkeun rasa kapercayaan diri peserta didik. Ku sabab kitu téh kudu dilaksanakeun pangajaran pikeun ningkatkeun rasa kapercayaan diri jeung hasil diajar peserta didik, salah sahijina ku ngalarapkeun model Discovery Learning dina subtema Manusia dan Lingkungan. Metodeu anu dipaké nyaéta panalungtikan tindakan kelas model Kemmis jeung Mc. Taggart dua siklus, pendataan anu dipaké nyaéta observasi, tes, jeung angket. Hasil panalungtikan anu dilakukeun ku subyek nu lobana 30 jelama ngahasilkeun paningkatan dina rasa kapercayaan diri jeung hasil diajar peserta didik dina unggal siklus. Dina siklus I katuntasan rasa kapercayaan diri ngahontal 70%, dina siklus II ngaronjat ka 87% ti peserta didik boga rasa kapercayaan diri. Lajeng, dina siklus II katuntasan hasil diajar murangkalih ngahontal 83%, jeung dina siklus II ngahontal 100%. Nilai rata anu dimeunangkeun ngaronjat, dina siklus I 67,83 jeung dina siklus II saageung 92,5. Tina data anu dimeunangkeun bisa disimpulkeun yén pangajaran anu ngalarapkeun model Discovery Learning bisa ningkatkeun rasa kapercayaan diri jeung hasil diajar peserta didik dina subtema Manusia dan Lingkungan. Ku kituna ieu panalungtikan bisa nyatakeun anu sukses ku nilai ahir némbongkeun pinunjul dina unggal siklus.

Kecap Pamageuh: Discovery Learning, rasa kapercayaan diri, hasil diajar.